Ассаламу гIалайкум, Казбекалъул жамагIат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 16 (93154)/ 24 апрель 2017 с./ итни 27 Ражаб 1438 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail. ru

## ГIелмиябгун практикаялъулаб конференция: «Экономика. Хайирал. ГIадамазул ресбугольи»

Гьединаб цIаралда гъоркь,I3 апрелалда ЦТКНРалъул гьитIинаб залалда тIобитIараб данделъиялда гIахьаллъана районалъул бетIерасул заместитель З.Н. Эмеев, райадминистрациялъул отделазе нухмалъулелгун специалистал, магIишатазе нухмалъулел, росабазул администрациябазул бутIрул ва цогидалги жавабиял хIалтIухъаби.



Данделъи тIобитIиялъул мурадлъун букIана районалъул экономика цебетIезабиялда хурхарал суалазде муниципалиялгун коммерческиял структурабазул кIвар буссинаби ва гIадамазул рукIа-рахъин лъикIлъизабиялъе цере чIарал масъалабазде цIикIкIараб кIвар кьей.

Данделъиялда кIалъазе вахъарав З.Н.Эмеевас абуна: «**Нилъеда лъала республика цебе тIезабиялъе рихьизарурал аслиял масъалабазул цояблъун социалиябгун экономикаялъул рахъ лъикIлъизаби букIин. ХIажат буго районалъул гIадамазул рукIа-рахъин лъикIлъизабиялда тIад хIалтIизе. Гьеб суал бетIералде бахъинабиялъулъ районалъулгун бакIазул администрациябазул роль цIикIкIуна. ГьабсагIаталда Россиялдехун бугеб бербалагьиялъ, гьелде данде гьарулел санкциябаз нилъ тIамула батIияб букIоналдасан цере чIарал масъалабазде ралагьизе»,**-ян.

Данделъиялда докладгун кIалъазе вахъана экономикаялъулгун планированиялъул ва гIуцIиялъул суалазул отделалъул начальник Д.З.Сайдулаев.

АбичIого гIоларо, гьесул доклад букIанин районалъул гIумруялъул киналниги рахъал жанире рачараб ва, рагIа-ракьанде щун, гьелъул бицараб. Гьеб тасдикъ гьабулеб букIана данделъаразе баянлъи кьолел экраналда рихьизарурал слайдазгун информациялъулаб стендалъ. Къокъ гьабун, гьес бицана ахирияб лъабго соналда районалъул социалиябгун экономикаялъул рахъал цебетIеялъулъ ккарал хиса- басиязул.

КIалъаялъул ахиралда Д.З. Сайдулаевас абуна:«**Районалъул экономика цебетIезабиялда хурхараб масъала кIудияб, захIматаб буго ва тIадехун дица рехсарал тIалабал гьеб тIубаялъе ва бетIералде бахъинабиялъе шартIаллъун руго. Нилъеца районалъул экономика гIуцIизе ккола жиндаго жанисеб рынокалъ гьеб цебе тIезабулеб къагIидаялда. БакIазул администрациябаз ралагьизе ккола бюджеталде гIарац бачIинабиялъе батIи-батIиял къагIидаби. Гьез хIалтIизаризе ккола киналниги хайир кьеялъе ругел ресал. ХIалтIизе ккола инвестороралгун. РакIалде ккола цере чIарал масъалаби ричIчIин, гьел кин бетIералде рахъинарилелали лъай, гьезде жавабияб бербалагьи букIин ва нилъер цадахъаб хIалтIи рукIинин лъикIал хIасилал кьолеллъун**»,-ан.

ХI.С. ХIажиевасул (Калининаул росдал администрациялъул бетIер), ТI.И.Салаевасул (МТС «Казбековское»МУПалъул директор), М.-Асият М. ХIамзатовалъул (администрациялъу специлист), А.Ш. Абуевасул (архитектураялъулгун бакIал раялъул, ЖКХялъул ва ракьал хIалтIизариялъул отделалъул начальник), С.М. Салатгереевасул (ОМВДялъул начальникасул заместитель), Гъ.Б. Гъайирбиевасул (районалъул бетIерасул кумекчи) кIалъаяздасан бичIчIунеб букIана экономика цебетIезабиялъе росабазул администрациябазул, инвестициябазул, битIараб нух бищиялъул, нухазул, гIадлу букIинабиялъул, цадахъ рекъон хIалтIиялъул, рищватчилъи биччангутIиялъул, районалде туристал рачIиналъе лъикIал шартIал чIезариялъул бугеб кIваралъул.

Конференция ахиралде щвана районалъул социалиябгун экономикаялъул рахъ цебетIезабиялда хурхараб резолюция къабул гьабиялдалъун.



Ленинаулалъул «Гьудуллъи» СПКялда бугеб ахIвал-хIал районалъул цогидал магIишатазеги гIаммаб букIиналде балагьун, районалъул бет1ер ХIажимурад Мусаевасул бихьизабиялда рекъон, гIуцIана хасго хIалтIулеб къокъа. «МТС Казбековская» МКУялъул директор Т1.И.Салаевасул бетIерлъиялда гIуцIараб гьеб къокъаялда тIадкъан букIана тIоцебе «Гьудуллъи» магIишат нахъе ккеялъе ва гьеб хайир кьолареблъун букIиналъе ккарал гIиллаби тIатинариялда тIадги хIалтIун, къокъаб заманалда жаниб, гьениб бугеб ахIвал-хIал кьучIдасанго лъикIаб рахъалде хисизабиялъе нухал ратизе.

Къокъаялъ къокъаб заманалда гьабураб хIалтIул бицен гьабуна 17 апрелалда райадминистрациялда тIобитIараб данделъиялда. Гьенире гIахьаллъана – районалъул бетIер ХI.ХI.Мусаев, гьесул заместитель З.Н.Эмеев, отделазе нухмалъулелгун специалистал, УСХялъул жавабиял хIалтIухъаби, «Гьудуллъи» СПКялъул председательгун бетIерав бухгалтер ва цогидалги.

Гьениб жиндирго к1алъаялда ХI.Мусаевас абуна: «**Ниж щун рукIана Ленинаулалъул «Гьудуллъи» СПКялде. МагIишатиял бутIабазда бугеб ахIвал-хIалалъул хал гьабун хадуб, ниж дандчIвана гьелъие нухмалъулелгун ва правлениялъул членалгун. КъотIи ккана СПК цебе тIезабиялъе нухлул карта гIуцIизе ва хадусан цогидалги магIишатазе кумекалъе букIине хасго хIалтIулеб къокъа гIуцIизе. Жакъа нилъ данделъун руго гьелъ гьарурал хIасилазухъ гIенеккизе»,**-ян.

КIалъазе вахъарав Т1.Салаевас бицана къокъаялъ гьабураб хIалтIул ва абуна: «**Жакъа нилъеца бицен гьабулеб буго хIалтIи гIуцIиялъул, нужеда (СПКялъул тIолалго хIалтIухъабазда) тIадаб буго букIине кколеб къаг1идаялда хIалтIи гIуцIизе, хIалтIул низам чIезабизе, щивав хIалтIухъанасул жавабчилъи борхизабизе. Жавабиял хIалтIухъаби: агроном, зоотехник, ветеринар камизе бегьуларо магIишатиял бутIабазул хал гьабиялъулъа. ХIалтIи лъикIлъизелъун ва магIишат цебетIезелъун гьарурал рихьизариял нижеца СПКялъул коллективалда цере рахъизе руго»,**-ян.

Жиндирго кIалъаялда З.Н.Эмеевасги тIадчIей гьабуна магIишатиял бутIабазда ругел г1унгут1абазда. Маг1ишаталъул жавабиял х1алт1ухъаби гьес ах1ана боц1ул тайпа хисизе, гьабулеб х1алт1и киназего загьираблъун бук1инабизе ккеялда т1ад ургъизе. «**СПКялъе нухмалъулез гьабулеб лъалеб ва бичIчIунеб гьечIо мухъилал хIалтIухъабазда. Гьеб ахIвал-хIал кьучIдасанго хисизабизе ккола**»,-ян абуна гьес кIалъаялъул ахиралда.

Т1.Салаевасул рагIабазда рекъон, рехсараб СПКялъул хIалтIул хIасилал комиссиялъ гьаризе руго 1 маялдаги. Щибаб магIишатияб бутIаялъул хIалтIул хал гьабизе буго УСХялъул специалистаз. СПКялъе нухмалъулезе мухь кьезе буго хIалтIулъе гьабулеб гIахьаллъиялде ва нахъе хутIулелъул хIасилаздеги балагьун. Х1ажат гьеч1ел рарал бак1ал ричизе ккола бищунго хайир кьолеб къаг1идаялда, гьелъ рес кьезе буго 19 млн. гъур. налъиялъул цо бутIагIаги бецIизе.

Данделъиялъул хIасил гьабулаго, СПКялъул председателасда ва бетIерав бухгалтерасда ХI.Мусаевас ц1ехана: «**Нуж рази ругищ гьаб комиссиялъ гьабураб х1алт1ул хIасилазда»,**-ян. Гьез разилъи загьир гьабидал, тIаде жубана: «**Бихьулеб буго гьедигIан кIудияб налъи букIиналъе гIиллалъун (19 млн. гъур.) кколеб бук1ин дагьаб пайда кьолеб гурони х1алт1и гьабун гьеч1еблъи.**

**ХIалтIизаруларел ракьал, рарал бакIал хайир кьолеб къаг1идаялда риче, тIураларел къотIи-къаял хвезаре, гьезда гьоркьор гьарулел хIалтIаби законалде данде ккезариялъе ва гьел законияллъун рукIинариялъе гьеб къокъаялъулъе райадминистрациялъул юристги ккезаве. Ижараялъе кьурал ракьазгун рарал бакIаз кьолеб пайдаялъул хал гьабе. ЛъагIел ахиралде щвезегIан комиссиялъ нужер хIалтIиялда хадуб хал кквезе буго. ХIалтIи гIуцIе гьелъул бихьизабиялда рекъон. Нилъ щибаб моцIалъ данделъизе руго нухлул картаялда бихьизабураб х1алт1и СПКялъе нухмалъулез тIубалеб бугеб къагIидаялъул хал гьабизе»,** -ян.

***Гьумер х1адур гьабуна М.-Ш.ГIАБДУЛАШИМОВАС.***

## Бицун тезе гьечIо...

13 марталда (№10) къватIибе биччараб «Чапар» газеталъул 2-абилеб гьумералда бахъун букIана ««Гьудуллъи» СПКялда» абураб макъала.Гьениб бицен гьабун букIана районалъул магIишатазда бугеб ахIва-хIалалъул хал гьабизе букIиналъул ва тIоцебе гьединаб тадбир Ленинаулалда тIобитIиялъул.

Гьай-гьай, гьел тадбирал тIоритIиялъул мурадлъун цого халгьаби гуреб букIараб. Балъголъи гуро, районалъул гIемерисел магIишатал нахъе ккаралльун ва хайир кьолареллъун рукIин. Гьединаб ахIвал-хIал бугони ва хадусан букIани, районалъул социалиябгун экономикияб рахъал цебетIей, гIадамазул рукIа-рахъин лъикIлъи букIунареблъиги якъинаб буго. Гьеб районалъе нухмалъулезда цIакъ лъикI лъала ва гьедин букIунгутIиялъе гьез тадбиралги гьарулел руго.

**Кинал тадбиралха гьел кколел?**

ГIагараб газеталъул божарал гьудулзаби,

## Районалъул администрациялда



18 апрелалда райадминистрациялда тIобитIана аппараталъул иргадулаб данделъи. Данделъиялда гIахьаллъана райадминистрациялъул бетIер ХI.ХI.Мусаев, учреждениялбазегун организациябазе нухмалъулел, росабазул администрациябазул бутIрул ва цоги-далги жавабиял хIалтIухъаби.

Гьелъул халгьабиялде босараб, 2016 соналъ районалъул финансазул управлениялъ гьабураб хIалтIул хIисабкьеялъул докладгун цеве вахъана гьеб идараялъе нухмалъулев Р. А. ХIажиев.

20 апрелалда « Цlуне рацIцIалъи!» абураб ахIиялда гъоркь районалда тIобитIизе бугеб субботникалъул хIакъалъулъ кьокьаб информация кьуна архитектураялъулгун бакIал раялъул отделалъе нухмалъулев ГI.Ш.Абуевас.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалал рича-чвана ва гьаруна рекъон кколел хIукмаби.

Гьелда хадуб тIобит1ана К1удияб Бергьенлъиялъ 72 сон тIубаялъул байрам кIодо гьабиялъе гIуцIараб оргкомитеталъул данделъи.

*С.СУЛТАНМУХ1АМАДОВА.*

### К1удияб бергьенлъиялъ - 72 сон!

## Зах1маталъул ветеран

Къурбанова Муслимат Мух1амаднуровна гьаюна 1938 соналъ Хубар росулъ. Гьелъул лъимерлъи бук1ана зах1матаб. Цудунго г1умруялдаса рат1алъана эбел-эмен. Гьел хун хадуб Муслиматил к1иго вац ккана лъималазул рукъоре, жийгойин абуни, к1удияв вац-яцгун хут1ана рукъой.



16 сон т1убарай гьей кьуна рагъдаса т1ад вуссарав Мух1амад Къурбановасе. Гьез, тарбия кьун, г1езабуна 10 лъимер. Муслиматил лъабго лъимер цудунго къадаралде щвана ва гьелъ бесдаллъуда хут1арал гьезул лъималги хьихьизе ккана.

14 сон баралдаса лъугьана Муслимат зах1маталъул нухде. (15 соналъ гьабуна хурул х1алт1и, 25 соналъ –дояркалъи).

1990 соналъ Муслимат ана пенсиялде. 1992 соналъ г1умруялдаса ват1алъана Мух1амадги. Гьанже гьелъ г1умру гьабун буго жиндирго гьит1инав вас Салимида цадахъ.

Колхозалъул правлениялъул рахъалдасан Муслиматие щвана г1емерал Х1урматалъул грамотаби ва г1арцулал шапакъатал. Гьединго, гьей ккола «Х1алт1улъ бах1арчилъи», «Бах1арчияй эбел» медалазул кавалерги.

*А. Х1АЖИЕВА, Хубар росу.*

## Щивго к1очон гьеч1о...

Рагъулаб оборонаялъул Централияб архивалдаса щварал баяназда рекъон, Ват1аниябг рагъул заманалда асирлъуде ккун, гьенир хун руго нилъер районалдаса Ват1анияб рагъул г1ахьалчаг1и:

1. **Г1алимух1амаев Файзула** – гьавуна 1917 соналъ Буртунай росулъ, 168-аб. кьвагьдохъабазул полкалъул мухъилав рагъухъан. Асирлъуде ккана Белоруссиялъул Гродно шагьаралда 1941 соналъул 25 июналда. Шталаг-316 бук1ана Польшаялъул Воля шагьаралда. Рагъулаб оборонаялъул Централияб архивалда бугеб информация кьолеб фондалъул номер - 58, информациялъул хъвай-хъвай гьабураб номер - 977521, информация кьураб делоялъул номер - 2087.

# ЗахIматалъ лъадарарай

**«Дуниял батана батулареб жо,**
**Бортани кодобе тIокIаб щолареб.**
**Щибго хутIуларо как гуронани,**
**Каранда цIар хъварав Аллагь гурони».**



Багьадурзабазул мухъилъ рехсезе мустахIикъай гIадан йиго ВатIанияб рагъул гIахьалчи, мунагьал чураяв, МухIамад-хIабибов ПIалисултанил чIужу Ажабика. Гьей гьаюна 1924 соналъ Дилим росдал «Халатала» участокалда. Ригь арал соназда йигониги, Ажабика-адада кIочон тун гьечIо цебесеб гIумру. Гьелда ракIалда буго жиндирго лъимерлъи, хадусел соназда ккарал лъугьа- бахъинал.

Гьаюраб къоялъго эбелги хун хутIарай, къисмат бигъарай ясалъе кьуна эбелалъул цIар ва хьихьизе ячана имгIаласул чIужу ХIабизатица. Хисана заман, Ажабика ккана бесдал эбелалда цее, бихьана гьелъул жиндехунго букIараб хъачIлъи. Гьелъ лъугIизабунаункъо класс. Байбихьана захIматалъул нухде. ХIалтIана колхозалъул хурзабахъ, харибакIазда. «Кинабго-фронталъе, кинабго бергьенлъиялъе»- абураб ахIиялда гъоркь, хIалхьи кIочон, гьава-бакъалъухъ балагьичIого, къаси моцIрол канлъухъецин хIалтIана гьей колхозалъул хурзабахъ. Кин гьабунги тIубазабизе кколаан хIалтIул норма. ЦохIо колхозалъул хIалтIабазда гIей гьабун чIолеб заман доб букIинчIо. Унеб букIана рагъ. Гьенире росал, вацал, васал, гIагарлъи инчIев чи росулъ вукIинчIо. Кинабго хIалтIи руччабазул кверзухъ балагьун букIиналъ, хьихьизе кколаан жидерго боцIи, тIуразе кколаан хур-хералъул хIалтIаби, гьабизе кколаан хъизан-лъималазул тIалаб. КIвечIониги, бакIлъаниги хIалтIана, Ажабика-адаго гIадин, росдал анцI-анцI руччаби. Бихьана ракъи, хIехьана къварилъи. Рагъдаса ругъналгун тIадвуссана ПIалисултан. Гьесги Ажабикацаги байбихьана цадахъаб г1умруялде.

Полохъанаб хъизаналъ гъуждул гурана ракълилаб гIумру гьабизе. Рахъана 10 лъимадул эбел -эменлъун.

Жалго гIадин захIмат бокьулеллъун, хIалалаб ризкъи балагьизе, бугелъул къимат гьабизе куцана гьез жидерго лъималги.

«Дие хIалтIун щварал шапакъатаздасаги къиматаб буго дирго лъималаз ва нусабаз гьабулеб адаб-хатир»,-ан абуна Ажабика-адаца.

Сонал аниги, рагъалъ рекIеда лъурал ругъназул унти сахлъуларо. Кинги толаро гьелъ тIалъи босичIого. Черхалъул хIал дагьлъанагIан гьелги загьирлъун, анцIила щуго соналъ бусаде ккана ПIалисултан. РакIалда бухIизе жо течIого гьабуна Ажабика-адаца гьесие хъулухъ. Цадахъго рачана рукъалъул хIалтIи ва колхозалъул маг1ишат.

«Гьалеха, ахиралдаги дун хIалтIуца ракьанде рехана», -янги абун, пикрабалъе ккарай гьей, араб г1умру бихьизе кинниги, гордухъан къват1иехун ялагьун ч1ана. Бихьулеб букIана ахиралде щолел соназул чIумал сверизецин жегиги квер сороларей, херлъи берцинай гьелъул гIумруялдеги г1ададаздеги бугеб рокьи. Гьединазул бараката1ъ ккун ратила нилъ гьаб ракьалда.

*ХI.КАРИМОВА.*

2. **Х1усенов Селимсултан –** гьавуна Хасавюрт районалъул Ахъташг1авухъ. (Гьанжесеб Казбек районалъул Ленинаул росу). Старшина. Жиндирго номер – 310169. Асирлъудеги ккун, Алжиралдаса Египеталде арал рагъухъабазул сиях1алда рекъон, 1945 соналъул 7 апрелалда гьев СССРалде вит1ун вуго.

3. **Закарьяев Абакар Мух1амадович –** гьавуна 1914 соналъ Казбек районалда. Мухъилав рагъухъан. Асирлъудеги ккун, 1942 соналъул 22 апрелалда хвана Финляндиялъул Наараярви шагьаралда.

4. **Мисиев Мух1амад Мух1амадович –** гьавуна 1913 соналъ Казбек районалъул Ахъташг1авухъ (?) (Гьанжесеб Казбек районалъул Ленинаул росу). 212-абилеб кьвагьдолезул полкалъул мухъилав рагъухъан. Асирлъуде ккана 1941 соналъул 26 июлалда Минск областалда. Хвана гьебго соналъул 10 сентябралда. Лагералъул номер - 269670. Рагъулаб оборонаялъул Централияб архивалда бугеб информация кьолеб фондалъул номер - 58, информациялъул хъвай-хъвай гьабураб номер - 977525, информация кьураб делоялъул номер - 375.

5. **Салих1ов Чехамир Чехамирович –** гьавуна 1912 соналъ Гертма росулъ. Мухъилав рагъухъав. Асирлъуде ккана 1942 соналъул 1 июлалда. Гьениса эркен гьавула 1945 соналъул 9 маялда. РФялъул пачалихъияб архивалда бугеб информация кьолеб фондалъул номер - Р-9526, информациялъул хъвай-хъвай гьабураб номер - 6, информация кьураб делоялъул номер - 1202.

6. **Юсупов (Сахратула) Шахратула –** гьавуна 1901 соналъ Гуни росулъ. Асирлъуде ккана, хвана 1943 соналъул 3 декабралда Варшава шагьаралда. Лагералъул номер - 34658. Рагъулаб оборонаялъул Централияб архивалда бугеб информация кьолеб фондалъул номер - 58, информациялъул хъвай-хъвай гьабураб номер - А-71744, информация кьураб делоялъул номер - 6 (1).

К1удияб Бергьенлъиялъ 72 сон т1убаялъул х1урматалда, нижеца газеталда рахъулел руго ***«Рак1алдещвеязул т1ехь», «Ват1аналъул рагъухъаби»*** абурал т1ахьазда ц1арал рехсеч1ого хут1арал, асирлъуда хварал бах1арзазул х1акъалъулъ дагьалго баянал.

***Х1урматиял ц1алдолел!***

Гьанир рехсарал баяназде т1аде журазе г1адинал цоги бат1иял баянал нужехъ ратани, гьарула нижехъе хъваян яги ах1еян. Нижер адрес: Дилим росу, Казбек район, «Чапар» газеталъул редакция. Телефон: **8-988-202-11-08.**

**Материал нижехъе бит1ун бач1ана Калининаул росулъа Динуч Динаевас.**

# Сведения

***об исполнении бюджета МР "Казбековский район" по доходам и расходам за 1 квартал 2017 года.***

**Доходы**

| Наименование доходов | назначено на год (тыс.) руб. | исполнено за 1 кв. (тыс.) руб. |
|---|---|---|
| 1. Налоги на прибыль (подоход.налог) | 59930.0 | 12770.6 |
| 2. Налоги на совокупный доход | 6937.0 | 2437.7 |
| 3. Акцизы | 14150.3 | 3553.8 |
| 4. Государственная пошлина | 600.0 | 270.7 |
| 5. Неналоговые платежи | 13185.0 | 3641.3 |
| 6. Дотация бюджетам мун. района | 92621.0 | 30565.0 |
| 7. Субсидии бюджетам мун. рйона | 18949.2 | 3140.2 |
| 8. Субвенции бюджетам мун. района | 427175.6 | 130346.2 |
| 9. Доходы бюджета мун.района от возврата субвенций, имеющих целевое назначение | | |
| 9. Иные межбюджетные трансферты | | |
| 10. Возврат остатков субсидий и субвенций в республиканский бюджет, имеющих целевое назначение | | |
| **Итого доходы бюджета** | **633548.1** | **186725.5** |

**Расходы**

| Наименование расходов | назначено на год (тыс.) руб. | исполнено за 1 кв. (тыс.) руб. |
|---|---|---|
| 1. Общегосударственные вопросы | 38748.2 | 7736.8 |
| 2. Национальная оборона | 984.0 | 492.0 |
| 3. Национальная безопасность и правоохранительные органы | 1786.0 | 444.9 |
| 4. Национальная экономика | 20886.1 | 1826.9 |
| 5. Жилищно - коммунальное хозяйство | 450.0 | 102.6 |
| 6. Образование | 478515.0 | 136615.6 |
| 7. Культура, кинематография | 11948.1 | 5998.9 |
| 8. Социальная политика | 20036.3 | 4899.9 |
| 9. Физическая культура и спорт | 600.0 | 272.5 |
| 10. Средства массовой информации | 5059.3 | 1374.4 |
| 11. Безвозмездные перечисления бюджетам поселений | 57898.0 | 18017.3 |
| ***Итого расходы бюджета*** | ***636911.0*** | ***177781.8*** |

***Руководитель финансового управления МР "Казбековский район" Р. ГАДЖИЕВ.***

***Расходы на содержание органов местного самоуправления МР "Казбековский район" за 1 кв.2017 года***

| план на 2017 год (тыс.) | исполнено за 1 кв. 2017 года (тыс.) |
|---|---|
| 30014.7 | 6897.1 |

Количество штатных единиц органов местного самоуправления

| план на 2017 год | исполнено за 1 кв. 2017 года |
|---|---|
| 58 | 58 |

# Прокурор разъясняет

***О праве граждан на получение бесплатной медицинской помощи***

**Статьей 41** Конституции Российской Федерации установлено, что каждый имеет право на охрану здоровья и медицинскую помощь. Медицинская помощь в государственных и муниципальных учреждениях здравоохранения оказывается гражданам бесплатно за счет средств соответствующего бюджета, страховых взносов, других поступлений.

**Согласно ст. 3** Федерального закона от 29.11.2010 № 326-ФЗ «Об обязательном медицинском страховании в Российской Федерации» (далее - Федеральный закон № 326) обязательное медицинское страхование - вид обязательного социального страхования, представляющий собой систему создаваемых государством правовых, экономических и организационных мер, направленных на обеспечение при наступлении страхового случая гарантий бесплатного оказания застрахованному лицу медицинской помощи за счет средств обязательного медицинского страхования в пределах территориальной программы обязательного медицинского страхования.

**В соответствии со ст. 5** Федерального закона «Об основах охраны здоровья граждан в Российской Федерации» от 21.11.2011 № ФЗ-323 (далее - Федеральный закон № 323) государство обеспечивает гражданам охрану здоровья независимо от пола, расы, возраста, национальности, языка, наличия заболеваний, состояний, происхождения, имущественного и должностного положения, места жительства, отношения к религии, убеждений, принадлежности к общественным объединениям и от других обстоятельств.

**Статьей 20** Федерального закона № 326 установлено, что в случае вхождения частной медицинской организации, оказывающей медицинскую помощь, в перечень медицинских организаций, участвующих в реализации территориальной программы государственных гарантий бесплатного оказания гражданам медицинской помощи и оказывающей медицинскую помощь за счет средств бюджета Федерального фонда обязательного медицинского страхования, то медицинская организация при предъявлении полиса обязательного медицинского страхования обязана бесплатно оказывать застрахованным лицам медицинскую помощь в рамках программ обязательного медицинского страхования и Отказ в оказании медицинской помощи не допускается.

Законодатель обязал медицинские учреждения создать свои официальные сайты в системе Интернет для обеспечения доступности медицинской помощи, а также информировать население о порядке ее оказания. Приказом Федерального фонда обязательного медицинского страхования от 01.12.2010 № 230 предусмотрена ответственность за отсутствие информированности населения, т.е. отсутствие официального сайта медицинской организации в сети «Интернет» и отсутствие информационных стендов в медицинской организации, в этой связи медицинские организации обязаны информировать население о порядке оказания бесплатной медицинской помощи.

Зачастую проверками выявляются неправомерные действия со стороны работников медицинских организаций, выражающихся в вывешивании на информационных стендах объявлений о предоставлении скидки, за оказанные медицинские услуги, в размере 10 процентов при предъявлении полиса ОМС, что является нарушением законодательства об обязательном медицинском страховании.

Также нарушаются права граждан, гарантированные им ст. 21 Федерального закона № 323.

В соответствии с указанной нормой оказание первичной специализированной медико-санитарной помощи осуществляется по направлению врача-терапевта участкового, врача-педиатра участкового, врача общей практики (семейного врача), фельдшера, врача-специалиста.

При оказании гражданину медицинской помощи в рамках программы государственных гарантий бесплатного оказания гражданам медицинской помощи он имеет право на выбор медицинской организации

Форма направления на госпитализацию в медицинскую организацию, обследования и консультации утверждена приказом Министерства здравоохранения и социального развития Российской Федерации от 22.11.2004 'N° 255 «О порядке оказания первичной медико-санитарной помощи гражданам, имеющим право на получение набора социальных услуг».

Имели место факты, когда медицинские организации разработали незаконные направления на фирменном бланке, по которым лечащие врачи направляли граждан на обследование в конкретные медицинские организации, чем нарушали право граждан на выбор медицинской организации.

Гражданам, чьи права на охрану здоровья и медицинскую помощь нарушаются, предлагаем обращаться в прокуратуру Казбековского района.

---

***В Кодекс об административных нарушениях внесены изменения, усиливающие ответственность за несоблюдение требовании безопасности дорожного движения при строительстве и ремонте автомобильных дорог***

Федеральный закон «О внесении изменений в Кодекс Российской Федерации об административных правонарушениях» принят Государственной Думой 22 февраля 2017 года и одобрен Советом Федерации 1 марта 2017 года, Президентом Российской Федерации подписан 07 марта 2017 года.

Федеральный закон принят в целях усиления административной ответственности за несоблюдение требований по обеспечению безопасности дорожного движения при строительстве, реконструкции, ремонте, содержании автомобильных дорог, а также за невыполнение предписаний органа, осуществляющего федеральный государственный надзор в области обеспечения безопасности дорожного движения.

Внесенными изменениями статья 12.34 «Несоблюдение требований по обеспечению безопасности дорожного движения при строительстве, реконструкции, ремонте и содержании дорог, железнодорожных переездов или других дорожных сооружений» изложена в новой редакции.

Также повышены максимальные размеры штрафов за нарушения по статье 12.34 КоАП РФ (часть 1 статьи 3.5 «Административный штраф»).

**Статья 19.5** «Невыполнение в срок законного предписания (постановления, представления, решения) органа (должностного лица), осуществляющего государственный надзор (контроль), муниципальный контроль» дополнена частями 27 и 28.

***Прокурор района, старший советник юстиции М.М. ХАЛИЛОВ.***

# Решение

*Организационного комитета Казбековского местного отделения Партии "Единая Россия"*

**с. Дылым** **от 06.04 2017 г.**

О проведении предварительного голосования по кандидатурам для последующего выдвижения от Партии "Единая Россия" кандидатов в депутаты представительного органа МО "пос. Дубки" Казбековского района РД.

1. Заслушав и обсудив информацию председателя Оргкомитета по проведению предварительного голосования Булатханова Ибрагима Абазатовича и соответствии с Положением о порядке проведения предварительного голосования по кандидатурам для последующего выдвижения от Партии Единая Россия" кандидатов в депутаты представительного органа МО "поселок Дубки' Казбековского района РД

***Организационный комитет решил:***

1. Организовать и провести предварительное голосование по кандидатурам для последующего выдвижения от Партии "Единая Россия" кандидатов в депутаты представительного органа МО "поселок Дубки" РД ,в которых пройдут избирательной компании в 2017 году.

2. Исходя из дорожной карты по организации и проведения предварительного голосования .принятой решением Регионального политического совета от 22 марта 2017 года протокол №4 срок выдвижения участников предварительного голосования по кандидатурам для последующего выдвижения от Партии "Единая Россия" кандидатов в депутаты представительного органа МО "поселок Дубки" установить с 7 .04. 2017 г. по 06.05.2017г.

3. Контроль исполнения настоящего решения оставить за Организационным комитетом местного отделения Партии "Единая Россия".

***Председатель Организационного комитета.***
***БУЛАТХАНОВ Ибрагим Абазатович.***

# Ошибки при выборе профессии. Советы выпускникам

Необходимость в выборе профессии может возникнуть в любом возрасте. Но потребность в правильном выборе жизненного пути с наибольшей остротой встает перед молодыми людьми, завершающими обучение в школе. Сегодня мы предлагаем вам изучить, и постараться исключить типичные ошибки, совершающие при выборе профессии старшеклассниками.

Не бойтесь того, что выбор профессии сейчас, в 11 классе, фатальным образом определит всю вашу судьбу. В любой сфере деятельности происходит смена занятий, должностей по мере роста квалификации человека. При этом наибольших успехов достигает тот, кто хорошо прошел начальные ступени. Проанализируйте ситуацию на рынке труда. Обратите внимание на то, что с каждым годом появляются все новые профессии. Будьте готовы к тому, что придется регулярно повышать квалификацию, осваивать смежные специальности.

В отношении профессии предрассудки проявляются в том, что некоторые важные для общества профессии, занятия считаются недостойными, неприличными (например, мусорщик).

Профессию мы выбираем по своему «вкусу» и «размеру» так же, как одежду и обувь. Чувство группы, ориентация на сверстников – очень позитивные особенности ребят твоего возраста. Они нужны для освоения норм поведения в обществе, формирования образа «Я» и самооценки. Поэтому оглядывайся на других, СРАВНИВАЯ (себя с друзьями), а не слепо повторяя. Старайся увидеть, чем ты отличаешься от товарищей – и в чем вы сходны. Это поможет понять, что если Вася идет на пожарника (а он – рискованный человек), тебе эта профессия может не понравиться (ты ведь очень осторожный и рассудительный).

При выборе профессии надо учитывать, прежде всего, особенности данного вида деятельности, а не выбирать профессию только потому, что тебе нравится или не нравится человек, который занимается данным видом деятельности.

Есть такой предмет, как иностранный язык, а профессий, где требуется способность к языку много – переводчик, экскурсовод, телефонист международной связи и др.. Поэтому при выборе профессии надо учитывать, какие реальные занятия и профессии за этим предметом стоят.

Во все профессии, и прежде всего в рабочие, внедряется сложная и интересная техника, повышается культура труда. (А компьютер внедряется абсолютно во все сферы деятельности – вплоть до животноводства). Разобраться в себе тебе помогут профконсультанты, родители, учителя, товарищи.

Существуют профессии, которые могут быть тебе противопоказаны, т.к. они могут ухудшить твое состояние здоровья.

Творчески подходи к делу и разработай для себя свой собственный план – список необходимых для выбора профессии действий. Сюда могут быть включены: анализ предложений на рынке образования, анализ спроса на рынке труда, объективная оценка своих способностей, склонностей, знаний (с помощью тестов или как-либо еще) и т.д. Удачи в выборе профессии!

***Директор ГКУ РД ЦЗН в МР «Казбековский район»***
***И.Э. ЯШАРОВ.***

# *Как направить материнский капитал на покупку товаров и оплату услуг для социальной адаптации детей-инвалидов*

Средства материнского капитала можно направлять на компенсацию расходов на приобретение допущенных к обращению на территории РФ товаров и услуг, которые предназначены для социальной адаптации и интеграции в общество детей-инвалидов в соответствии с индивидуальной программой реабилитации или абилитации (ИПРА), разработанной учреждением медико-социальной экспертизы (МСЭ).

Средства материнского капитала по этому направлению можно использовать в любое время, не дожидаясь трехлетия ребенка, давшего право на сертификат.

Для использования средств материнского капитала к соответствующему заявлению в Пенсионный фонд, помимо паспорта, владелец государственного сертификата представляет ИПРА ребенка-инвалида; документы, подтверждающие расходы на приобретение товаров и услуг; акт проверки наличия и соответствия приобретенного для ребенка-инвалида товара, а также реквизиты счета владельца сертификата в кредитной организации.

Порядок действий семьи, решившей направить материнский капитал на приобретение товаров или оплату услуг для социальной адаптации ребенка-инвалида, выглядит следующим образом.




Родители ребенка-инвалида обращаются в организацию здравоохранения для заполнения направления на медико-социальную экспертизу, затем в учреждение МСЭ с заявлением о внесении в ИПРА рекомендаций о товарах и услугах из соответствующего **перечня**, которые необходимы ребенку.

Важно отметить, что средствами материнского капитала не могут быть компенсированы расходы на медицинские услуги, а также реабилитационные мероприятия, технические средства реабилитации и услуги, которые предусмотрены федеральным перечнем реабилитационных мероприятий, технических средств реабилитации и услуг, предоставляемых инвалиду за счет средств федерального бюджета в соответствии с Федеральным законом «О социальной защите инвалидов в Российской Федерации».

После того, как учреждение МСЭ рассмотрит заявление и внесет в ИПРА сведения о товаре или услуге, семья может их приобретать, сохраняя все сопутствующие платежные документы. В случае с приобретением товаров это договоры купли-продажи, либо товарные или кассовые чеки, либо иные документы, которые подтверждают оплату товара. В случае с оплатой услуг это договоры об их оказании. Договор должен быть заключен в установленном законодательством порядке.

Важно отметить, что индивидуальная программа реабилитации должна быть действительна на день приобретения товаров и услуг.

Когда приобретен товар (не услуга), семья должна обратиться в управление социальной защиты (орган, уполномоченный на социальное обслуживание, - собес) для подтверждения наличия приобретенного товара. Не позднее 5 дней после обращения должностное лицо органа соцзащиты приходит к семье домой и составляет акт проверки наличия товара, один экземпляр которого остается семье для представления в ПФР.

После этого владелец сертификата обращается в территориальный орган Пенсионного фонда (в том числе через МФЦ) за компенсацией расходов на приобретенные товары или услуги, предоставив вышеперечисленные документы. В случае принятия положительного решения необходимая сумма из средств материнского капитала поступит на счет владельца сертификата не позднее чем через 2 месяца со дня принятия заявления.

Более подробно о направлении средств материнского капитала на приобретение товаров и оплату услуг для социальной адаптации и интеграции в общество детей - инвалидов можно узнать на сайте Пенсионного фонда в разделе **«*Жизненные ситуации*».**

***Отделение Пенсионного фонда РФ по РД***
***в Казбековском районе.***

# КIудияб Бергьенлъиялъ - 72 сон!

## БахIарзал кIочонаро

Бергьенлъиялъул къо кIодо гьабулаго, нилъеца, кIудияб хIурматалда ракIалде щвезарула фашизмалда тIад бергьенлъи босарал,- жидерго рухI кьун, ВатIан цIунарал бахIарзазул цIарал. Гьеб рагъ букIана инсаниятальул тарихалда бищунго вахIшияб, балагьал цIикIкIараб ва гIемерал биял гIодоре тIураблъун.

КигIан захIматаб ахIвал-хIалазде кканиги нилъер рагъухъаби рагъана рекIелъ тушманасде цIимгун, бергьенлъиялде божигун, ВатIаналъе гIологи щивав чIварав гьалмагъасе гIологи. ГIагараб ВатIаналде къо ккараб мехалъ,гьеб тушманасдаса эркен гьабизе щибаб рукъоса кIиго, лъабго чи аралги хъизаби рукIана.



Гьезул гIемерисел хутIана рагъул байданалда, араб бакI лъачIого тIагIана гIемерисел. Улбузухъе рачIана чIегIер барал кагътал, бесдаллъана лъимал, къороллъана лъудби.

ВатIан цIунизе арал бихьиназда цадахъ фронталдаги тылалдаги жидерго захIматальул бутIа лъуна руччабаз. Кинабго рахъалъан гьабуна фронталъе кумек.

ХIалтIана колхозалда, рекьарана, рецарана, рухъана хандахъал гьаруна щулалъаби. Жидерго захIматкъоязухъ щвараб тIощел кванил нигIматал, ретIел-тIех битIана рагъухъабазе. Руччабаз рухIалда барахщинчIеб къеркьей гьабуна ВатIан тушманасдаса эркен гьабиялъе, бергьенлъиялъе ва ракълилаб гIумруялъе гIоло.

КIудияб Бергьенлъиялъул къо ккола нилъер бищунго рохалилаб байрам. Гьеб рагъулъ мустахIикъаб бакI ккуна нилъер ракьцоязги. Щибго нахъе къачIого, бахIарчиго гьел рагъана тушбабазде данде.

Нилъер чIухIилъун ва рагъул нугIзаллъун ругел хараби,рагъул ветеранал дагьлъулел руго къоялдаса къоялде. Лъелъерлъулел руго гьезул мухъал. Гьелъ пашманлъи лъугьинабулеб буго нилъер ракIазулъе. Амма нилъеда киданиги бахIарзал кIочонаро. ГIагараб ВатIанги гьелъул халкъги бидулал тушбабаздаса цIунарал гьезие кълулула нилъеца бутIрул.

Нилъер щивасда тIадаб буго гIунбачIунеб гIелалда бичIчIинабизе рагъ щиб жо кколебали. Гьезда малъизе инсанасул къимат гьабизе, рагъуй къали бухунезда чIаян абизе, Бергьенлъиялъул байрахъ борхатго кквезе. Кидаго кIочене тунгутIизе ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул цIарал.

*ХI. КАРИМОВА.*

## Гьазги лъуна бутIа бергьенлъиялъул



ВатIанияб рагъул гIахьалчи, нилъер районалъул Гъозтала росулъа Гlабдулаев МухIамад гьавуна 1914 соналъ гIадатияб рекьарухъабазул хъизаналда.

ГIагараб росулъ 4 классги лъугIизабун, ана Дилим росдал школа- интернаталде. 6 класс лъугIун хадув тIадвуссана гIагараб росулъе. ХIалтIана колхозалда, цадахъго бачана росдал байбихьул комсомолалъул гIуцIиялъул секретарасул хIалтIи.

1940 соналъ ана БагIараб Армиялде. 1941 соналъ байбихьана ВатIанияб рагъ. Сержант, 1497 танкабазде кьвагьдолеб гIарадабазул полкалъул рагъухъан, араб бакI лъачIого, тIагIанин хабар бачIуна 1944 соналъул 11марталда. Гьелде щвелелде, МухIамадхIабибица Харьковалдаса бачIараб кагътида хъван буго: **«Дун ана цогидаб бакIалде. Дица битIун гурони, диде кагъат битIуге»** -ян.

Гlабдулалги Задалъулги хъизаналда, жиндир мунагьал чураяв, М-хIабиб вукIана бищун кIудияв. Гьезул рукIана 3-го вацги лъабго яцги.

*Асият СУРХАЕВА, Гъозтала росу.*

## Вахъа,часталъул герой...

72 сон тIубалеб буго КIудияб ВатIанияб рагъулъ Советияб халкъалъ бергьенлъи босаралдаса. Гьеб бергьенлъиялъ гьорлъ жидерго бутIа лъуна Гуни росдал жамагIаталги. 200-гIанасеб гурони цIараки букIинчIеб росулъа I60 гIолилас борчана ярагъ. Гьезул 76 чи тIадвуссинчIо. Гьел абадиялъго хутIана рагъул байданалда. Гьезда гьоркьор руго, араб бакI лъачIого, тIагIаралги. Рагъухъабазул хIурматалда школалъул азбаралда бан буго памятник ва гьелда лъун руго росдал щивав рагъухъанасул цIар хъвараб мармаралъул хъарщи. Александр Невскиясул орденалъе, «Кавказ цIуниялъухъ» ва «Германиялда тIад бергьенлъи босиялъухъ» медалазе мустахIикълъана капитан ХIажигороев ХIажигоро. Сержант Базаев КъурмангIалица гIахьаллъи гьабуна Сталинградалъул рагъулъ ва гьениб бахьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло, мустахIикълъана «БахIарчилъиялъе гIоло», «Сталинград цIуниялъе гIоло», «Рагъулъ хIаракатчилъиялъухъ» медалазе. ЦIаррагIараб Курскалъул рагъда гьев лъукъана, сахлъун хадусан рагъулаб часталде тIадвуссана.

КъурмангIалица гIахьаллъи гьабуна Польшаялда, Бакъбаккул Пруссиялда рукIарал рагъазулъги. Гьев мустахIикълъана 3-аб. даражаялъул «Рецц», «БагIараб цIва», 2 даражаялъул, «ВатIанияб рагъ» орденазе, «Часталъул БахIарчи» абураб гIадегIанаб цIаралъе. Гьев гIахьаллъана Бергьенлъиялъул парадалдаги. Абусинов МухIамад, Угъаев Гьуда, ХIайбулаев Эмеч мустахIикълъана 3 даражаялъул «Рецц» орденалъе.

Гунияз гIахьаллъи гьабуна Терекалъул канал бухъиялъулъ, кIудияб хIалтIи гьабуна колхозалъул магIишат цебетIезабиялъеги. Гьез фронталде битIана картошка, ролъ, гьан ва 25 азарго гъурущ гIарац. Гунияз тылалда гьабураб хIалтIуе кIудияб къимат къуна хIукуматалъ. ГьелЪие нугIлъи гьабула росдал Советалде Сталиница бачIараб Баркалаялъул телеграммалъ. Гьаб соналъ Бергьенлъиялъул къоялда Гуни росдал жамагIаталъ дандчIвай гьабулеб буго цониги рагъул гIахьалчи мухъилъ гьечIого. ТIадегIанав Аллагьас Алжан насиб гьабун батаги гьезие.

*Вахъа часталъул герой,*
*Хабал къаналги рорхун,*
*БачIун тIаде щун бугин,*
*ГIаммаб рохалилаб Къо.*
*ВачIа гьаб байрамалде,*
*Доб парадалде гIадин,*
*Рагъул формаги ретIун,*
*Ран орден-медалалгун.*

*Рагье гьал гIадамазе,*
*Рагъул гIасияб кьогIлъи,*
*Заманалъ чурулареб,*
*РекIелъ даим хутIулеб.*
*Бице гьал гIолилазе,*
*ГIетIгун журарал биял,*
*Солдатаз гIодор тIунин,*
*Нуж талихIал рукIине.*

*Дол вахIшиял рагъазда,*
*Хваралщинал солдатаз,*
*Васият гьабун танин,*
*Даим рекъел цIунеян.*

*М. БАЗАЕВ, Гуни росу.*

## Кинал рагIабаца баркала къелеб...

Мух1идинова Шамсият гьаюна 1933 соналъ Гъозтала росулъ рекьарухъабазул хъизаналда. Гьелъул эмен Г1абдула вук1ана росулъ къадру-къимат бугев чи. Эбел Задай кколаан Буртунай росулъа Х1ажил яс. Гьезул хъизаналда рук1ана 4 васги 3 ясги. К1удияб Ват1анияб рагъде араб гьезул к1удияв вас Мух1амад-х1абиб гьениса т1ад вуссинч1о.

1945 соналъ, рагъ лъуг1ун хадуб, Г1абдула ана Гьизилюрт шагьаралъул вокзалалде рагъдаса рач1унел солдаталгун дандч1вай гьабизе. Гьесул хьул бук1ана жиндирго васги гьенив ватилин абураб.

Тохлъукьего, поездалде гъоркье ккун, бохги гъура-чункун, больницалде щведал, Г1абдула Аллагьасул къадаралде щвана.

Гьеб лъугьа-бахъиналдаса хадуб Шамсиятил яс Задай лъималги рачун гочана жиндирго г1агарлъи бугеб Учтюбе росулъе. Колхозалда жийго х1алт1ун, цадахъ лъимал х1алт1изарун, гьабураб маг1ишат бук1ана гьезул. Щуго класс Гъозталаялда лъуг1арай Шамсият эбелалда цадахъ колхозалда х1алт1ана.



*Суратална: росдал бет1ер А. Абакаров ва Шамсият Мух1идинова*

Гьит1инго эбел-инсул рукъоб зах1маталъ куцарай гьей х1алт1улъ йик1ана цебесеб кьерда. Мустах1икълъана г1емерал грамотабазе, къиматал сайигьатазе ва шапакъатазе.

Цо чанго соналдасан Шамсиятил эбел гочана, бищун гьит1инал Х1абирасулги Шамсиятги рачун, Гъозталаялде. Цогидал лъимал рахъ-рахъалъ яшав гьабун ч1ана.

1964 соналъ гьей ана Ват1анияб рагъул г1ахьалчи Мух1идинов Аскерхание. Гьесулги рагъдаса нахъ руссинч1о к1иго вац : Мух1идин ва Лабазан. Эбелалъул ками лъазе теч1ого, хьихьана, эбелги хун бесдаллъарай, гьесул яс Марижат.

Марижатица жиндирго к1оч1олъ хъван руго гьадинал раг1аби:

**Дий эбел хисарай, хирияй Бажу,**

**Ургъелал рикьарай, г1акълу данд балей.**

**Даимаб рохелгун рак1алъул хинлъи,**

**Дие г1умруялъе сайгъат гьабурай.**

**Кинал раг1абаца баркала къелеб,**

**Т1алаб - агъазалъухъ, эбеллъиялъухъ.**

**Йохъ, раг1абацаги, сайигъатазги,**

**Борцунаро гьелъ дий гьабурабщинаб...**

Росуцояздa Шамсият лъала х1еренай, х1алимай, х1илла-рек1к1 лъаларей, г1ажаибай г1аданлъун. Гьелъ Аскерхание гьаруна васги ясги. Вас Висирпаша х1алт1улев вуго Гьизилюрт районалда МУП «УЖКХ-СЕЗ» -алъул бет1ерав бухгалтерлъун, яс Марзият - росдал культураялъул Рукъалъул директорлъун.

1994 соналъул 10 октябралда Аскерхан г1умруялдаса ват1алъана.

Араб соналъ К1удияб Бергьенлъиялъул 71 сон т1убаялъул х1урматалда , т1огьол квац1игун ва къиматаб сайгъатгун , Шамсиятихъе щвана росдал администрациялъул бет1ер Абакар Абакаровгун жавабиял х1алт1ухъаби.

*Асият СУРХАЕВА, Гъозтала росу*

*ЦІуне рацІцІалъи*

# Гъабуге цогидазе зарал

Цо чанго сон буго нижер росулъе Сатираев Мухтарица лъим бачаралдаса.Росдал жамагІат гьесдаса разиябги буго. Гьедин букІаниги, цо-цо гІадамаз лъим цІакъго исрап гьабулеб буго. Гьелдалъун жидерго хІажатал тІурай гуребги,цогидазе кколел квал-квалазул гьез хІисабги гьабулеб гьечІо.

Хасало, цІороялда хІинкъун, цо-цояз лъел кранал рагьун толел руго. Гьедин чвахараб лъеца кватІазда цІерги чІвазабун, я гІадамал,я техника хьвадизе бегьулареб ахІвал-хІал лъугьинабулеб буго.



Цо-цо гьалмагъзабаз машинаби чурула нухда, гьелъги гьабула гІадамазе рахІатбахъи. Росулъ буго кьищни-къул баччизе чІезабураб хасаб техника, букІани щиб, къватІал рукІуна чороклъиялъ цІун.

Нилъго ругеб бакІалда рацІцІалъиги берцинлъиги цІуничІони, къватІиса чи гьеб гьабизе вачІунареблъи лъазе ккоралебищ?

Исламалъ какараб гьабулел ругони, нилъ бусурбабилъун рукІунелищ ва гьелда тІад ургъизе ккеларищ? Кванил нигІматалцин ралел руго кьищни-къулалда цадахъ. ХІайван – хІетІ, гІанкІу-кету ругел гІадамазе гьел кьуни, садакъалъун букІинарищ? ГІадамаздасаги нечечІони, законалъухъаги хІинкъичІони, Аллагьасухъаги хІинкъизе ккеларищ?!

ХІурматиял росуцоял! Босуге тІаде хІакъ, гьабуге цоцазе зарал,цІуне рацІцІалъи,рукІунге ургъел гьечІеллъун.

**Х. ВИСАИТОВ, Калининаул росу.**

---

*Къокъго*

## Районалда анкьил лъугьа - бахъинал

# Конкурс тІобитІана

Дагьал церегІан къояз районалъул лъайкьеялъул управлениялъ тІобитІана «Полилазе патриотикияб тарбия кьеялъулъ фотоискусствоялъул бугеб кІвар» абураб темаялда конкурс.

КІудияб Бергьенлъиялъ 72 сон тІубаялъул хІурматалда тІобитІараб гьеб тадбиралда г1ахьаллъана 9 школалдаса бач1араб 80 хІалтІи.

ЦІалдохъабазда гьоркьоб (10-18 сон) тІобитІараб гьеб конкурсалда 6 призалъулаб бак1 босана лицеялъ, 2-гимназиялъ , 2-Хубаралъул гьоркьохъеб школалъ, 2-Ленинаул росдал №І ва 3-№2 школаз , 3-Буртунаялъул гьоркьохъеб школалъ, 1-Гертмаялъул гьоркьохъеб школалъ, 1-Гуниялъул гимназиялъ ва 2-Калининаулалъул гьоркьохъеб школалъ.

---

7 апрелалда нилъер районалдаса 11 канлъи дагьал г1адамал рит1ана (жиндирго харжалдалъун) РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М-п. Д. Г1умахановас Каспийск шагьаралъул беразул больницаялде.

---

10 апрелалда лицеялда т1обит1ана районалъул г1урус мац1алъул муг1алимзабазул семинар.

---

13 апрелалда культураялъул Централда т1обит1ана «Экономика. Хайирал. Г1адамазул ресбуголъи» абураб г1елмиябгун практикаялъулаб конференция.

*СПОРТ - ИНСАНАСУЛ САХЛЪИ*

# Эркенаб гугари

1-3 апрелалда Набережные Челны шагьаралда тІоритІана (гІолилазда гьоркьоб) ТІолгороссиялъул эркенаб гугариялъул къецал.Гьел къецазулъ гІахьаллъана М.М. ГІазаевасул цІаралда бугеб МДЮСШялъул гугарухъаби: Манапов Къурбан ва Идрисов ГІабдулпатахІ. Нилъер гІолилаз гьениб бихьизабуна гугаризе бугеб махщел. Гьедин, Къурбаница гьениб босана тІоцебесеб бакІ, ГІабдулпатахІица – лъабабилеб. Гьел гугаризе ругьун гьарулел руго тренер Давурбеков Къурбаница.

---

Гьединалго къецал тІоритІана апрелалъул байбихьиялда Майкоп шагьаралдаги. Гьел тІоритІана 2003-2004 соназ гьарурал гІолилазда гьоркьор. Дагъистаналъул командаялъулъе гІахьаллъана М.М. ГІазаевасул цІаралда бугеб МДЮСШялъул гугарухъан Адам МухІамадхановги. Гьес гьениб ккуна 3-аб. бакІ ва гьев восана Россиялъул тІаса бищараб командаялъулъе. Гьесул тренерлъун ккола Расул МухІамадханов.

---

11-12 апрелалда Гъизляр шагьаралда тІоритІана, 2003-2004 соназ гьарурал гІолилазда гьоркьор, эркенаб гугариялъул зоналиял къецал. Гьенире гІахьаллъана республикаялъул районаздасагун шагьараздаса 10-ялдасаги цІикІкІун команда. Гьел къецазда нилъер гугарухъабазул командаялъ ккуна 3-аб. бакІ.

Жиде –жидер цІайиялда цере рахъарал гІолилазул ккана гьадинал хІасилал:ГІали ГІабдулаев(ІІ), Ибрагьим Ибрагьимов (ІІ), Арслан Насрулаев(ІІІ), ХІажимурад ГъазимухІамадов (ІІІ), ГІабдула ГІабдухаликъов (ІІІ).

Гьезие рес щвана 7-9 маялда Гъизилюрт шагьаралда тІоритІизе ругел (Дагъистаналда тІоцебесеб бакІалъе гІоло) эркенаб гугариялъул къецазулъ гІахьаллъиазе. Гьел гІолилазул тренераллъун ккола - А. Качалаев, С. ХІажиев, Г.Пумаров ва М.-К. ГъазихІмаев.

**Н.Г1АЛИУКЪАЕВ.**

---

## Коротко об исполнении бюджета района

18 апреля 2017 года на аппаратном совещании МР «Казбековский район» начальник управления финансового отдела района Р.Ю.Гаджиев сообщил, что исполнение консолидированного бюджета района за 2016 год по доходам составило 580 млн. 386 тыс. рублей при плане 598 млн.263 тыс. рублей. План консолидированного бюджета по собственным доходам выполнен на 106,2%. Удалось получить сверх плановых назначений 6 млн.623 тыс. рублей, общее исполнение на - 113 млн.786 тыс. рублей. Расходная часть консолидированного бюджета составила 582 млн.568 тыс. рублей, что соответствует 96,5% плана.

---

# Слет "Г1олохъанал армейцал"

Дагьал церег1ан къояз районалъул культураялъул Централда тІобитІана «ГІолохъанал армейцал» абураб слет.

Культураялъул Централъул (Рисалат Сурхаева, Рамазан Гъанищев) ва военкоматалъул х1алт1ухъабазул хІаракаталдалъун тІобитІараб гьеб тадбиралда гІахьаллъана – Дилим, Ленинаул, Калининаул росабазул школазул цІалдохъаби. Гьеб тадбиралъул хІурматиял гьалбаллъун рукІана - Казбек ва Гумбет районазул рагъулаб комиссариаталъул начальник Арсен МухІамадов, районалъул культураялъул отделалъул начальник Абубакар Ибрагьимов, спорталъулгун техническияб клубалъул начальник Мухтар ГІабдулгъапуров, рагъул ва захІматалъул ветераназул Советалъул председатель Хункарби М-хІабибов.

КІалъазе рахъарал – А.МухІамадовас, А.Ибрагьимовас, М.ГІабдулгъапуровас ва М-хІабибовас гІолилазе бицана рагъулаб хІадурлъиялъе тІоритІулел гьединал тадбиразул бугеб кІваралъул, ВатІаналъе хъулухъалде унезе гьезул букІунеб кумекалъул.

Ленинаулалъул № 1 школалъул цІалдохъабаз данделъаразда бихьизабуна автомат биххизе ва бакІаризе бугеб бажари, гьелъулго № 2 школалъул цІалдохъабаз - рагъулаб строй гьаби ва кечІ ахІи, лицеялъул цІалдохъабаз – рагъухъаби ягъгьил заралалдаса цІуниялъе рет1ел рет1иналъул къаг1идаби.

Гьединго, цІалдохъабаз х1адурун ругоан музыкалиял номералги. Гьениб районалъул искусствоялъул школалъул цІалдохъабаз бихьизабуна кьурдизе бугеб жидерго махщел. Бихьулеб букІана гьеб тадбиралде цІалдохъабаз лъикІаб хІадурлъи гьабун букІин.

Данделъи бачана Рамазан Гъанищевас.

**С.СУЛТАНМУХІАМАДОВА**

---




# Х1урматиял районцоял!

***Унеб буго 2017 соналъул к1иабилеб бащдаб лъаг1алие газета хъваялъул кампания.***

***Гьеб хъвазе бегьула росабазул почтаялъул отделениябазда.***

***Гьелъул багьа - 258 гъур.***

БетІерав редактор: Мухтар Чупалаев тел: 55-48-94
Жавабияв секретарь: МухІамадшарип ГІабдулашимов

Мухбирзаби: ХІалимат Каримова Сапият СултанмухІамадова
Фотомухбир: Насрудин Абужанатов

Набор: Меседо ХІайбаева
Верстка: Марьям АтавхІажиева
Типографиялъул адрес: г. Хасавюрт, ООО "Типография №4". Ул. Мусаева 42

Учредитель: администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул адрес: 368141 РД, Казбековский район, с. Дылым.
Индекс: № 51354
Заказ № 59 Тираж 1550

Газета зарегистрирована в Управлении ФСН по РД 19.05.2014г. ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хІужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола